



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU DESIZYON TRIBINAL SIPRÈM
ETAZINI NAN *WEST VIRGINIA VS. AJANS POU PWOTEKSYON ANVIWÒNMAN***

"Soti nan Gwo Tanpèt Sandy rive nan Siklòn Ida, Nouyòkè yo konnen twò byen ke kriz klimatik la deja isit la. Nou pa gen tan pou nou pèdi nan batay nou pou redui emisyon kabòn ak konstwi yon ekonomi enèji pwòp.

Pa fè erè: desizyon Tribinal Siprèm nan jodi a se yon gwo obstak nan batay nou kont chanjman klimatik. Nan limite kapasite Ajans pou Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Agency, EPA) an pou pwoteje anviwònman nou an, Tribinal la ap retire kèk nan pi bon zouti nou genyen pou nou fè fas ak kriz klimatik. Li prezante twa priyorite imedya: EPA dwe aplike byen vit nouvo règ emisyon ki pi solid ke posib, Eta yo dwe redouble efò klimatik nou yo epi Kongrè a dwe adopte lejislasyon klimatik solid ane sa pou pèmèt nou ale pi lwen ak pi rapid.

New York yon lòt fwa ankò nan pozisyon fanmiye, men ki pa byenvini, ki entansifye apre Tribinal Siprèm nan te frappe pwoteksyon debaz nou yo. Men, kòm toujou, New York pare. Nou pral ranfòse efò nasyonal nou pou fè fas ak kriz klimatik, redouble efò yo avèk eta frè yo, konstwi nouvo pwojè enèji pwòp nan tout kwen nan eta a, epi batay kont polisyon ki deranje sante anpil Nouyòkè. Apre desizyon sa a, travay nou pi ijan ke jamè".

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418